ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№117 (23.025) • 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 20, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр сом 15-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru




## КIУЭКIУЭ Юрий: Щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм налогхэм я лъэныкъуэкIэ яхуэдэчыхыным теухуа унафэр фIэкIыпIэ имыIэу телэжьэнущ экономикэм зегъэужьыным

Урысей Федерацэм и Президентым Санкт-Петербург щекIуэкIа XIX дунейпсо экономикэ зэхыхьэшхуэм щыжиIахэм я гугъу щищIым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий къыхигъэщхьэхукIащ абы ипкъ иткIэ республикэм къыпэщыт Iуэху нэхъыщхьэхэр: кризисым пэщIэтынымкIэ Iэмалхэр къэгъэсэбэпыныр, экономикэм, псом япэу, мэкъумэш IэнатIэм, промышленностым, курорт-рекреацэ комплексым тэмэму зегъэужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм егупсысыныр. Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэхэр 2015 гъэм зыкIи нэхъ икIэ хъуакъым, уеблэмэ ехъулIэныгъэ пыухыкIахэр щыIэщ.

Урысейм и Президентым, жиIащ КIуэкIуэ Юрий, нэхъ тригъэщIащ хьэрычэт IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ защIэгъэкъуэным, псом хуэмыдэу зэрыщыту къэралым и экономикэм зегъэужьынымкIэ мыхьэнэ хэха зиIэ предприятэхэр къэIэтыным. «Абы и лъэныкъуэкIэ, шэч хэмылъу, щIэгъэкъуэнышхуэ хъунущ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм къыIах налогхэр илъэс зыбжанэкIэ мыхъуэжыным теухуа унафэ къызэращтар, хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ налогхэм я лъэныкъуэкIэ зэрыщхьэщаIэтыкIынур, апхуэдэу щIэуэ къызэIуах промышленнэ предприятэхэм зэман пыухыкIакIэ налогхэр зэрытрамылъхьэнур».

## Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Санкт-Петербургрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзынущ

### КIуэкIуэ Ю. А. къызэрыригъэблэгъам тету, 2015 гъэм и фокIадэ мазэм республикэм къэкIуэнущ а къалэм и губернатор Полтавченкэ Г. С. зи пашэ делегацэр

Санкт-Петербург щекIуэкI дунейпсо экономикэ зэIущIэшхуэм хиубыдэу дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А., Санкт-Петербург и губернатор Полтавченкэ Г. С. сымэ зэхуэзащ лъэныкъуитIым зэращIылIэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щыщIадзынум зыхуэгъэхьэзырыным теухуауэ. Ахэр тепсэлъыхьащ щIыналъитIым яку дэлъ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным я хэкIыпIэхэр.

ЛъэныкъуитIми къыхагъэщащ ухуэныгъэм, транспортым, промышленностым, туризмэм я IэнатIэхэм щызэдэлэжьэну зэрамурадыр. Полтавченкэ Георгий жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыщIагъэкI ерыскъыпхъэхэр Санкт-Петербург ищэхуну зэрыхьэзырыр, апхуэдэу щэнхабзэм и лэжьакIуэхэмкIэ, школакIуэхэмкIэ, студентхэмкIэ зэхъуэжэн хуейуэ къызэрилъытэр.

КIуэкIуэ Ю. А. къызэрыригъэблэгъам тету, Полтавченкэ Г. С. зи пашэ делегацэр 2015 гъэм и фокIадэ мазэм ди республикэм къэкIуэнущ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырахьэлIам, я IэщIагъэм зэрыхуэIэзэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ **цIэ лъапIэхэр яфIэщын**:

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэр***

**Бэрсэдж Равидэ Владимир и пхъум** - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и «Ленинград» санаторэм и унафэщIым и къуэдзэм, санаторэм и дохутырым

**Беткараев Александр Магомет и къуэм** - «Прохладнэм и стоматологие поликиникэ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэм

**Къэрэщей Хьэмыщэ Тэхьдин и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Онкологие диспансер» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм поликлиникэмкIэ и къудамэм и дохутырым-онкологым

**Уртаев Чермен Бещтау и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Онкологие диспансер» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм анестезиологиемрэ реанимацэмкIэ и къудамэм и унафэщIым

**ХьэхъупащIэ Сулеймэн Iэуес и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Медицинэ консультативно-диагностикэ центр» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм хирургиемкIэ и къудамэм и унафэщIым,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр***

**Ахматовэ Нуржан Мухьэмэд и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Республикэм и сабий клиникэ сымаджэщ» къэрал бюджет IуэхущIапIэм сабий хирургиемкIэ и къудамэм и медсестрам

**Зеущэ Зухьирэт Джылахъстэн и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и план-экономикэ къудамэм и унафэщIым

**Коноваловэ Наталье Николай и пхъум** - Прохладнэ къалэ округымрэ Прохладнэ муниципальнэ районымрэ я «Центральнэ район сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм Солдатскэ станицэм дэт и амбулаторэм педиатриемкIэ и медсестрам.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м*
*№79-УГ*

## ЩIалэгъуалэм гъащIэм зыщрихьэлIа гугъуехьхэр езыхэм я къарукIэ къызэрызэранэкIыным хущIокъу


Бэрбэч Джэрийхъан

**КъБР-м и ЩIалэгъуалэ правительствэу щIэуэ къызэрагъэпэщам и япэ зэIущIэр Правительствэм и Унэм щрагъэкIуэкIащ. Абы хэтахэм хъуэхъу псалъэхэмкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Битокъу Владимир. КонкурскIэ къыхаха щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ ЩIалэгъуалэ Правительствэм зэрыхагъэхьамкIэ ехъуэхъури, Битокъу Владимир абыхэм чэнджэщ яритащ япэ ита гупым щапхъэ трахыну, апхуэдэу адрей щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьэкIэм кIэлъыплъыну.**

ЗЭIУЩIЭМ къыщыщыпсалъэм КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министр Емуз Нинэ къыхигъэщхьэхукIащ ЩIалэгъуалэ правительствэм хагъэхьахэм я дежкIэ а лэжьыгъэм сэбэпынагъышхуэ зэриIэнур, адэкIэ зыхыхьэну жылагъуэ, политикэ гъащIэм, я IэщIагъэм тещIыхьауэ ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэр сэбэп къазэрыхуэхъунур. Ауэ, жиIащ министрым, ухахыныр апхуэдизу гугъукъым, нэхъ гугъур къыпхуагъэфэща Iуэхум уехъулIэнырщ. Языныкъуэхэм апхуэдэ дзыхьыр къагъэсэбэпри, я зэфIэкIым хагъахъуэ зэпыту йокIуэкI, ауэ а Iэмалыр щIэгъэкъуэн къэзымыщIыфхэри къахокI. Властым ахэр къелъытэ езым къыкIэлъыкIуэн щIэблэу, апхуэдэу щыщыткIэ, дэтхэнэми нэсу къигъэсэбэпын хуейщ игъуэта зэфIэкIыр.

ЩIалэгъуалэ правительствэм и унафэщI хъуащ Бэрбэч Джэрийхъан. Къурагъэза дзыхьым папщIэ абы республикэм и нэхъыжьхэм фIыщIэ яхуищIащ икIи езыри абы лэжьэгъу хуэхъуахэри къапэщыт Iуэхухэм ехъулIэн папщIэ яхузэфIэкI къызэрамыгъэнэнур быдэу жиIащ. Гупым и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу абы къыхигъэщхьэхукIащ гъащIэм зыщрихьэлIэ лъэпощхьэпохэр езыхэм я къарукIэ къызэранэкIыну хущIэкъу щIалэгъуалэм зыхуеину Iэмалхэр къахузэгъэпэщыныр, абыхэм я зэфIэкIхэм зрагъэужьынымкIэ ядэIэпыкъуныр, щIэныгъэ, творческэ, хьэрычэт IэнатIэхэм защыщIэгъэкъуэныр.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***


*Сурэтхэр* **Каюдин Евгений** *трихащ.*

● КъБР-м и Парламентым

## Гъуазджэмкlэ сабий школхэм я лэжьэкIэр егъэфIэкIуапхъэщ

**Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэным, а IэнатIэхэм щыхуагъасэ еджапIэхэм я лэжьэкIэр егъэфIэкIуэным щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьынымкIэ, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ и комитетым зыхуэфащэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лэжьакIуэхэр хэту иригъэкIуэкIа зэIущIэм. Ар къыщызэIуихым комитетым и унафэщI Пащты Борис къызэхуэсахэр къыхуриджащ иджыпсту псори нэхъ зытегузэвыхь Iуэхухэм - IэщIагъэлIхэр зэрагъэхьэзырым, IуэхущIапIэхэм я мылъку-техникэ щытыкIэм, егъэджэныгъэм и IэнатIэм иджырей технологиехэр къыщыгъэсэбэпыным нехьэкI-къехьэкI хэмылъу тепсэлъыхьыну.**

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** зэIущIэм щищIа докладым къыщыхигъэщхьэхукIащ: «Щэнхабзэм и IэнатIэм кIуэтэху мыхьэнэ нэхъ ин щиIэ мэхъу сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн егъэгъуэтыным. Абы цIыкIухэм я творческэ зэфIэкIым зрегъэужь, я гупсысэкIэр ирегъэфIакIуэ. Урысейми, зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэрми, цIыкIухэр музыкэм хуегъэджэныр, гъуазджэм хуэгъэсэныр нэхъ зэчииифIэ дыдэхэм ятещIыхьауэ щытын хуейуэ къыщалъытэркъым. Ахэр сабий псоми драгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я Iыхьэ пыухыкIауэ къокIуэкI».

Министрым зэрыжиIамкIэ, иджыпсту республикэм гъуазджэмкIэ сабий школу 34-рэ щыIэщ. Абыхэм я зэхуэдитIыр къалэхэм, адрей 17-р къуажэ зэмылIэужьыгъуэхэм щолажьэ. Абыхэм иджыпсту я лэжьыгъэр нэхъ къэзылъэхъэнкIэ хъунур щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм я лэжьэкIэр гъэтэмэмыжыным хуэгъэзауэ ирагъэжьа «жэрдэмырщ». Ар нэхъыбэу зыхуэунэтIар юридическэ IэнатIэм и статус зиIэ IуэхущIапIэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэнырщ. Районхэмрэ къалэ округхэмрэ къратыкI хъыбархэм ятепщIыхьмэ, юридическэ IэнатIэу къалъытэ сабий школ 34-м щыщу дызэрыт илъэсым и кум ирихьэлIэу 4-м апхуэдэ статус яIэжынукъым. Школхэр зэрызэгуагъэхьэжым къыхэкIыу абыхэм я къызэгъэпэщакIуэхэм школым и унафэщIым и къулыкъур штатым хагъэкIри, абы и пIэкIэ унафэщIым егъэджэныгъэмкIэ и къуэдзэм и къулыкъур хагъэхьэ, ауэ абы гъуазджэмкIэ школхэм я лэжьэкIэр иригъэфIэкIуэну ущыгугъ хъунукъым.

Иджыпсту республикэм щыIэ апхуэдэ сабий школхэм жылагъуэ 65-рэ (жылагъуэ псоми я процент 53-р) къызэщIаубыдэ, ауэ абыхэм ящыщу сыт и лъэныкъуэкIи лэжьыгъэм хуэщIауэ къэплъытэ хъунур IуэхущIапIэ 18-рщ. Псори зэхэту республикэм щыIэ жылагъуэхэм я процент 47-м, къуажэхэр къапщтэмэ, абыхэм ящыщу 57-м дэс сабийхэм художественнэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтынымкIэ Iэмал яIэкъым.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

Хъыбарыщlэхэр • ДифI догъэлъапIэ
КЪЭБЭРДЕЙ
ТВ, радио нэтынхэр • Малъхъэдис

● Мэкъуауэгъуэм и 22-р Фэеплъымрэ щыгъуэмрэ я махуэщ

## Лъыкlэ иpaIa нэхущ

**Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дунейм къызэрытехьэрэ цIыхухэр зозауэ. ЩIыхэр, псыхэр зэпаубыд. Еджагъэшхуэхэм къызэралъытэмкIэ, къагубзыгъыж зэманым зауэ мини 4-м щIигъу екIуэкIащ. Нэхъ инми нэхъ цIыкIуми. Ахэр зэпымыууэ нэхъ гущIэгъуншэ хъурт: къагупсысырт зэбгъэрыкIуэхэр, Iэмал зэриIэкIэ, нэхъыбэу зэрызэтраукIэну Iэщэхэр. Лъэпкъхэр, къэралхэр къэунэхуа иужь, апхуэдэ зэжьэхэуэ- хэр нэхъ ин хъуащ. Ауэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм нэхърэ нэхъ лъапсэрых дунейм и тхыдэм щыIакъым. Абы и удын нэхъыщхьэр къызытехуари Гитлер хьэщэхурыпхъуэу къызытеуа Совет Союзырщ.**

1941 ГЪЭМ мэкъуауэгъуэм и 22-м и нэхущым - сыхьэти 4-м - фашист Германием и дзэ фIыцIэхэр къаруушхуэкIэ СССР-м и гъунапкъэм къебгъэрыкIуащ. Дивизэ 200-м щIигъу бийхэр бэлэрыгъа ди зауэлIхэм къарукIи бжыгъэкIи къефIэкIырт. Ар ди къэралыр зыпэмыплъа Iуэхут. Дауи, абы и унафэщIхэм къагурыIуэрт нэхъапэIуэкIэ къэрал зыбжанэ зыубыда нацистхэм я гупэр гува-щIэхами Совет Союзым и дежкIэ къызэрагъэзэнур. Хэбгъэзыхьмэ, Польшэр яубыду ди гъунапкъэхэм къеувэлIа фашистхэм, япэ зрагъэщу, удын ирадзыну икIи ахэр СССР-м и дежкIэ шынагъуэншэ ящIыну я мурадт совет унафэщIхэм. Хьэуэ, егупсысхэртэкъым Германием и щIыналъэм ихьэнми Берлин къащтэнми.

Гитлер и мурадыр нэгъуэщIт икIи зым и дежкIи щэхутэкъым. Ар хуейт ди къэрал абрагъуэм и щIыналъэхэр иубыду абы и къулеигъэхэр зыIэригъэхьэну. И плъапIэри, и IуэхущIафэхэри зыхуэгъэзар арат. Зэгъусэу бийм пэщIэувэну СССР-м къыхилъхьар США-мрэ Инджылызымрэ ядатэкъыми, зыр адрейм темыуэным теухуа зэгурыIуэныгъэ Германием ирищIылIэн фIэкIа къызыхуэмынэжа Совет Союзыр сыт и лъэныкъуэкIи хущIэкъурт ахэр щызэпэщIэувэну зэманыр игъэIэпхъуэным. АрщхьэкIэ Берлини а зэгурыIуэныгъэр къигъэсэбэпырт: ар и лъабжьэу и «ныбжьэгъу» хъуа ди къэралым щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр ищIурэ цIыху куэд (абыхэм я нэхъыбэр тIасхъэщIэхт) къигъакIуэрт. А IэщIагъэлIхэм зрагъэлъагъурт ди къэралым и тIасхъапIэхэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, абыхэм ялъэгъуат ди дзэхэр жыы хъуа IэщэхэмкIэ фIэкIа зэрызэщIэмыузэдар (СССР-р хунэсатэкъым ахэр щIэкIэ зэрихъуэкIыну). Уеблэмэ, ахэри къаймэщIэкIырт. КъыщинэмыщIауэ, КъухьэпIэ гъунапкъэ округыр зауэм хуэхьэзыртэкъым. Апхуэдэу кхъухьлъатэщIэ минитIым щIигъу зэхэтт мылъэтэфыну: абыхэм иракIэну гъэсыныпхъэр зэрыт цистернэхэр Мейкъуапэ пэмыжыжьэу гъущI гъуэгухэм тетт. А псори зыщIэ бийр ди къэралым къыщытегуплIащ тенджыз ФIыцIэм къыщыщIэдзауэ Баренц тенджызым нэс.

Мис апхуэдэу щIидзащ Хэку зауэшхуэм. Фашистхэм ефIэкIыныгъэ щаIэт щIылъэми, тенджызхэми, уэгуми. Ахэр псынщIэу къыкIуэцIрыкIащ СССР-м и щIыналъэм. Пэжщ, езыхэри хэщIыныгъэншэ хъуакъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, къыщыттеуа япэ махуэм и закъуэ бийм фIэкIуэдащ кхъухьлъатэ 400-м щIигъу. АрщхьэкIэ къызэтрагъэувыIэфакъым.

СССР-р хагъащIэмэ, нэхъ къаруушхуэ бгъэдэлъу Гитлер къазэрезэуэнур зыщIэ США-мрэ Инджылызымрэ къагурыIуащ къащыщIынур икIи щIадзащ ерыскъырэ IэщэкIэ дыдейхэм къадэIэпыкъуу. АрщхьэкIэ етIуанэ фронт къызэIуахыну хуейтэкъым. Ар къыщыхъуар нацистхэр Москва и деж щрахужьэжу, Сталинград и деж щызэтракъутэу, Орёлрэ Курскрэ я зэхуакум хьэлъэч щызэтращIэу Совет Союзым и закъуэ Гитлер и пщэ гурыгъыр зэрищIыкIыныр зэрыхузэфIэкIынур белджылы ящыхъуа иужькIэщ.

Дэ иджы догъэлъапIэ Фэеплъымрэ щыгъуэмрэ я махуэр. А псалъэхэр абы сыт и лъэныкъуэкIи хуокIуэ. СССР-м уасэшхуэ дыдэ щIитащ мы гъэм илъэс 70 ирикъуа ТекIуэныгъэ Иным. Совет Союз абрагъуэм зы унагъуи исакъым 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м зыщIидза Хэку зауэшхуэм и гуауэр зылъэмыIэса. Ди цIыхухэм лъы куэд ягъэжэн хуей хъуащ щыпсэу къэралым и щхьэхуитыныгъэр яхъумэн папщIэ. Дэ къытхуэнэжыр абы хэкIуэда ди зауэлIхэм я фэеплъыр сакъыу тхъумэнырщ, яхуэфащэу дунейм дытетынырщ.

**ШАЛ Мухьэмэд.**



## Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 20, *щэбэт***

♦**Зи псэупIэр IэмалыншагъэкIэ зыхъуэжын хуей хъуахэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Зоопаркхэм щаIыгъ пылхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Башкортостан Республикэм щагъэлъапIэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэр**
♦1957 гъэм Москва Союзхэм я Унэм и Колоннэ залышхуэм къыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м гъуазджэмрэ литературэмкIэ и гъэлъэгъуэныгъэр.
♦Шэрджэс тхакIуэ **Кхъуэхъу Цуцэ** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.
♦Совет усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Рождественский Роберт** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.
♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, МКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакIуэ **Дроздов Николай** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 30, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 21, *тхьэмахуэ***

♦**Гидрографием и дунейпсо махуэщ**
♦**Медицинэ лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**Адэм и махуэщ**
♦**УФ-м и МВД-м и кинологхэм я махуэщ**
♦1925 гъэм Москва и уэрамхэм япэ таксихэр къыдыхьащ.
♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Золотухин Валерий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент **Къуий Iэмырбий** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, публицист, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мыкъуэжь Анатолий** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.
♦Урысей политик, къэрал лэжьакIуэ, Москва къалэм и Iэтащхьэ **Собянин Сергей** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 22, *блыщхьэ***

♦1941 гъэм Хэку зауэшхуэр къэхъеящ.
♦1944 гъэм КъБАССР-м и Министрхэм я Советым деж Архив управленэ къыщызэрагъэпэщащ.
♦1945 гъэм Берлин кърахыжри, Москва къахыжащ ТекIуэныгъэм и Бэракъыр.
♦1967 гъэм Налшык ПТУ №7-м и цIыхубз спортсменкэ 15 ди щыхьэрым щежьэри, лъакъуэрыгъажэкIэ Ленинград кIуэну гъуэгу техьащ.
♦Композитор, музыковед **Авраамов Арсений** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.
♦КъБКъУ-м и профессор **КъуэщIысокъуэ Александр** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦ГуащIэдэкI ЩIыхь орденым и дамыгъэ псори зыхуагъэфэща, КъШР-м щыщ кIэртIофгъэкI **Шэрджэс Марьят** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ХьэпащIэ Юрий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦Искусствоведением и доктор, профессор, УФ-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ IущыгъэХыумылъхьэ къыхэпхыжыркъым.**

# ЕгъэджакIуэ, зауэлI, щIэныгъэлI



**Ди республикэм егъэджэныгъэ IэнатIэм зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIахэм ящыщщ педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБАССР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, ЩIДАА-м и академик Темрокъуэ Индырбий Хьэжумар и къуэр. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм зи зэфIэкI къыщызыгъэлъэгъуа IэщIагъэлIыр ящыщт Хэку зауэшхуэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ зезыхьэу хэта адыгэлIхэм, 115-нэ шуудзэм и тхыдэм теухуауэ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъахэм.**

ТЭРЧ щIыналъэм хыхьэ Болэтей къуажэм къыщалъхуащ Темрокъуэр. ПсэукIэщIэр къэралым щыщаухуэ лъэхъэнэм зи сабиигъуэр ирихьэлIа Индырбий пасэу зыхищIащ гъащIэм и дыджри абы хэлъ лъэпощхьэпохэри. А гугъуехьхэм япсыхьа щIалэщIэр къэтэджащ хьэл зэпIэзэрыт хэлъу, еджэным и гур хузэIухауэ. А щэнхэр и гъуэгугъэлъагъуэу, Индырбий фIы дыдэу къиухащ Налшык дэт мэкъумэш техникумыр, иужькIэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым и физико-математикэ факультетым.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям щыгъуэ, Темрокъуэр унагъуэ хъуа къудейт, я къуажэм дэт курыт школым и унафэщIу лажьэрт. IIыгъ къулыкъум теухуауэ Индырбий хуитыныгъэ иIэт фронтым дамышыну, арщхьэкIэ ар езыр и лъэIукIэ зэуапIэм Iухьащ икIи 1941 гъэм и дыгъэгъазэм къыщыщIэдзауэ 1945 гъэм и щэкIуэгъуэ пщIондэ зэуащ.

115-нэ шууей дивизэм хэтащ Индырбий. Бийм и къару иным пэмылъэщу, 1942 гъэм дивизэр хагъэщIауэ щытащ. Абы хэта зауэлI куэдым ящIыгъуу, офицер цIэр зыхуагъэлъэгъуа, ауэ иджыри зыфIамыща Индырбии гъэрыпIэм ихуат, ауэ мазищ фIэкIа абы имысу къыщIэпхъуэжащ. Ди дзэхэм яхыхьэжа нэужь, Темрокъуэр зауэр иухыху фронтым и мафIаем Iутащ, и псэ емыблэжу, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу. 1943 гъэм уIэгъэ хьэлъэ хъуащ Индырбий икIи Боржоми къалэм дэт сымаджэщым мазиплIым щIигъукIэ зыщигъэхъужащ, занщIэуи фронтым Iухьэжащ.

Зауэм и кIэм Темрокъуэр ирихьэлIащ Ленинград корпусым и 134-нэ гвардие полкым хэту. Щалъхуа щIыналъэм къыщигъэзэжам щыгъуэ, абы и бгъэгум щылыдырт зауэ дамыгъэ зыбжанэ. Апхуэдэхэт Хэку зауэ орденым и езанэ, етIуанэ нагъыщэхэр, «И хахуагъэм папщIэ», «Зауэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIхэм папщIэ», «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалхэр.

Куэд дэмыкIыу Индырбий пэрыувэжащ егъэджэныгъэ IэнатIэм. Абы зезыгъэужь жэрдэмыщIэхэр и куэдт егъэджакIуэ Iэзэм, методист IэкIуэлъакIуэм. Зыпэрыт IэнатIэм тепсэлъыхьу Индырбий жиIэрт: «ЕгъэджакIуэу улэжьэныр ар жэуаплыныгъэ ин зыпылъ къалэнщ. ЕгъэджакIуэ нэсым и дежкIэ иригъаджэхэм я ехъулIэныгъэхэр илъагъужын нэхърэ нэхъ насып щыIэкъым».

И гъэсэнхэм ядригъэкIуэкI лэжьыгъэ купщIафIэм и хъерхэр щIэх дыдэу илъагъужащ Темрокъуэм. Ленинным и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал пединститутым Индырбий ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ и лэжьэкIэщIэ мардэхэр зи лъабжьэ кандидат лэжьыгъэр. ЕгъэджакIуэ цIэрыIуэм бгъэдэлъ зэфIэкIхэр къалъытэри, ар КъБКъУ-м геометриемрэ математикэ лъагэмкIэ и кафедрэм ирагъэблэгъащ. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэм и къэхутэныгъэр сэбэпышхуэ хъуащ ди республикэм математикэ щIэныгъэм зыщиужьыным.

КъытщIэхъуэ щIэблэм ядригъэкIуэкIа апхуэдэ псэ хьэлэл лэжьыгъэр гулъытэншэ хъуакъым. КъБАССР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, ЩIДАА-м и академик Темрокъуэ Индырбий хуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ зыбжанэ, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Адэм и гъащIэр щапхъэ гъуэзэджэ яхуэхъуащ и бынхэми. Индырбий и къуэ Анатолэ пищащ нэхъыжьыфIым къырихьэжьа Iуэхум. Ар физико-математикэ щIэныгъэхэм я докторщ, ЩIДАА-м, Петровскэ академием, Урысейм Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием я академикщ. Профессор Темрокъуэ Анатолэ УФ-м и Правительствэм и нэIэм щIэту лажьэ, фундаментальнэ къэхутэныгъэхэмкIэ фондым и советым хэтщ. Индырбий ипхъу Ларисэ филологие щIэныгъэхэм я кандидатщ, КъБКъУ-м и доцентщ. Ипхъу нэхъыщIэ Риммэ и IэщIагъэкIэ режиссёрщ, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.

ЗауэлI, егъэджакIуэ нэс, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Темрокъуэ Индырбий нобэ къытхэмытыжми, абы и фэеплъ нэхур ди гум къинащ ар зыцIыхуу щытахэм, дэлэжьахэм. Адэм и фэеплъыр сакъыу яхъумэ и бынхэми абыхэм къащIэхъуэ щIэблэми.

**МАМХЭГЪ Астемыр**,
*КъБКъУ-м и егъэджакIуэ.*

**• Пщэдей Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэщ**

# Нэхъ лъапIэ дыдэу цIыхум иIэр дзыхь хуащI

**Илъэс 30-м щIигъуауэ Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэр ди къэралым щагъэлъапIэ мэкъуауэгъуэм и ещанэ тхьэмахуэм. Ар цIыхухэм я узыншагъэр, гъащIэр хъумэн IэнатIэм пэрытхэм я махуэшхуэщ. ЩыIэу къыщIэкIынкъым зэгуэр абыхэм я дэIэпыкъуныгъэм хуэныкъуэ мыхъуа зы цIыхуи.**

ДЭТХЭНЭ зы IэщIагъэми гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ, ауэ ар медицинэм епхамэ, абы пылъ жэуаплыныгъэр куэдкIэ нэхъ инщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а унэтIыныгъэм и лэжьакIуэхэм цIыхум нэхъ лъапIэ дыдэу иIэр - и узыншагъэр, гъащIэр - дзыхь хуащI. Аращи, абыхэм я Iэзагъэм, щIэныгъэм хагъахъуэ зэпыту екIуэкIын хуейщ, Iуэхум щIэуэ къыхыхьэ псори я лэжьыгъэм нэсу къыщагъэсэбэпыфын хуэдэу. Дэтхэнэ зы унэтIыныгъэми хуэдэу, медицинэми зэхъуэкIыныгъэхэр къыхыхьащ, зызыхъуэж зэманым къыздихьащ узыр псынщIэу, щыуагъэншэу къэпхутэнымкIэ сэбэпышхуэ хъу Iэмэпсымэщ1э куэд. Апхуэдэу щытми, сымаджэм и дежкIэ нэхъыщхьэр дохутырым и гу щабагъырщ, псэ къабзагъырщ, гущIэгъурщ, зэхэщIыкIырщ, псалъэ гуапэхэрщ. Мис ахэр псори зэуIуу хэлъын хуейщ медицинэм и лэжьакIуэ нэсым.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэр иджы къэрал политикэм щагъэнэхъапэхэм ящыщщ. Ди республикэр къэтщтэнщи, иужьрей илъэсхэм абы зэхъуэкIыныгъэфIхэр къыщыхъуащ: IуэхущIапIэщIэхэр яухуащ, куэдым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ, ахэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынми гулъытэ хуащI.

Медицинэм и лэжьакIуэ псоми я махуэшхуэм ирихьэлIэу дохъуэхъу ехъулIэныгъэ, узыншагъэ быдэ яIэу, фIыщIэмрэ щытхъумрэ щымыщIэу, цIыхухэр къахуэарэзыуэ, я лэжьыгъэм и хъер ялъагъуу я IэнатIэ мытыншыр ирахьэкIыну.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Дохутыр Iэзэ, бзылъхугъэ щыпкъэ



**Кэнжэ къуажэм дэт амбулаторэм илъэс 35-рэ хъуауэ щолажьэ категорие нэхъыщхьэ зиIэ, дохутыр-терапевт Къардэн Маргаритэ. И лэжьыгъэм хуиIэ бгъэдыхьэмкIэ, и хьэл-щэн дахэмкIэ абы къилэжьащ къуажэдэсхэм я деж щиIэ пщIэр.**

МАРГАРИТЭ къыщыхъуар Кэнжэ жылэрщ. Курыт еджапIэ нэужьым абы щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым. 1980 гъэм ар къиухри, щалъхуа къуажэм дохутыр-терапевту ягъэкIуэжащ. Абы щегъэжьауэ нобэр къыздэсым а IэнатIэм пэрытщ, и Iэзагъэм, зэфIэкIым хигъахъуэу.

Къардэныр и IэщIагъэ мытыншым дагъуэншэу зэрехъулIэм къуажэдэс псори фIыуэ щыгъуазэщ. Я узыншагъэкIэ гукъеуэ яIэу абы и деж екIуалIэ дэтхэнэми ещIэ а цIыхубзым и деж сыт щыгъуи дэIэпыкъуныгъэ зэрыщагъуэтынур.

Сэ сызэреплъымкIэ, дохутыр IэщIагъэр къыхэзыхар и хьэлкIэ цIыху щабэу икIи гуапэу щытын хуейщ. Узым тэмакъкIэщI ищIа сымаджэр псом япэу зыхуэныкъуэр дохутырым и псалъэ гуапэхэрщ, абы къырит фIэщхъуныгъэрщ. А псомкIи Маргаритэ щапхъэщ. Хьэл зэпIэзэрыт зиIэ бзылъхугъэр сымаджэм щепсалъэкIэ и бзэм и IэфIагъымкIэ гукъыдэж иретыжыф. «Апхуэдиз цIыхум зэрегуэпэн псалъэ дахэхэр дэнэ къырихрэ?! Емызэшыж лэжьакIуэщ! ЦIыхугъэшхуэ зыхэлъщ! Сыту цIыху дыщэ! ТеплъэкIи, псэкIи цIыху дахэщ!» - Мис а псалъэ-хэрщ Къардэным хуэгъэзауэ къуажэдэсхэм жаIэр.

- Сызэрысабий лъандэрэ си хъуэпсапIэт дохутыр сыхъуну икIи а IэщIагъэр къызэрыхэсхам зэи сыхущIегъуэжакъым. Си лэжьыгъэр фIыуэ солъагъу, пщэдджыжь къэс гукъыдэж хузиIэу Iуэхум сыпэрохьэ. Узым къыхигъэзыхьу зи щхьэр къызэзыхьэлIа сымаджэр нэхъыфI хъужауэ щыслъагъукIэ, сэри абы дэрэжэгъуэ къызет, си IэщIагъэм и мыхьэнэри нэхъ кууу зыхызощIэ, - жеIэ Маргаритэ.

Унагъуэ дахи иIэщ Къардэн Маргаритэ. Абы и щхьэгъусэ Къардэн ТIэхьир Налшык къалэ дэт «Полистрой бетон» ухуакIуэ IуэхущIапIэм и унафэщIщ. Зэщхьэгъусэхэм я бынитIыр хабзэрэ нэмысрэ яхэлъу япIащ, гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэуващ. Япхъу Заринэ и анэм и лъагъуэм ирикIуэжащ - дохутыр IэщIагъэр зригъэгъуэтащ. Ар УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и медицинэ центрми Боткиным и цIэр зезыхьэ сымаджэщми щолажьэ. Я щIалэ Валерэ Саратов ПравэмкIэ дэт къэрал академием юрист щIэныгъэр щызригъэгъуэтащ, апхуэдэуи КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым инджылызыбзэмкIэ и къудамэр къиухащ. Мы зэманым Бахъсэн къалэм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу нэхъыщхьэу мэлажьэ.

**ХЪЫЖЬРОКЪУЭ Салисэт**,
*УФ-м цIыхубзэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

**• ФIыщIэ**

# ГукIи псэкIи дыфхуэарэзыщ

Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м и гастроэнтерологие къудамэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхудощI ди анэ, анэшхуэ, шыпхъу Кулиевэ (Беппаевэ) Нуржан Азнор и пхъум къыхуащIа гулъытэм, къызэрыхущыта щытыкIэ гуапэм папщIэ.

Фэ фхузэфIэкI къэвгъэнакъым абы и узыр, и псэм телъ гузэвэгъуэр щхьэщыфхынымкIэ. Псом хуэмыдэу къыхэдгъэщыну дыхуейт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ Кульбаевэ ФатIимэ, гастроэнтерологие къудамэм и унафэщI Къардэн-Щоджэн Оксанэ, Нуржан къеIэза Бэлэтокъуэ Зое сымэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIыр. Зи къалэныр зыхуэдэр фIыуэ къызыгурыIуэ икIи нэгъэсауэ зэфIэзых дохутыр Iэзэхэу фызэрыщытыр дэ дгъэунэхуащ.

Нуржан и Iыхьлыхэр дызэрыт щытыкIэ гугъур фэ зыхэфщIащ икIи абы и гъунэгъуу дыщытынымкIэ, зэрыхъукIэ, дэIэпыкъуэгъу фыкъытхуэхъуащ. Дохутырхэу Атабиевэ Айшат, Кошинбаевэ Лейлэ, КIыщокъуэ Рустам, медсестрахэу Андреевэ-Харьковская Еленэ, Атэлыкъ Дианэ, Къэзакъ Ларисэ, Гергоковэ Жаннэ сымэ зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлI нэсхэщ.

Фи лэжьыгъэм ехъулIэныгъэхэр фыщиIэу, фыузыншэу фи IэнатIэм фыпэрытыну ди гуапэщ.

***Кулиевэ (Беппаевэ) Нуржан и дэлъхухэр, и шыпхъухэр, и къуэр, ипхъухэр, и къуэрылъху-пхъурылъхухэр.***

# Вагъуэ къуапитху



**Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 70 ирикъуащ. Псы куэди ежэхащ абы лъандэрэ. Ауэ сыт хуэдиз зэман дэмыкIами, нобэр къыздэсым цIыхухэми щIыми а зауэм къатридза удыныр гъущыжыркъым. А зауэр зи нэгу щIэкIа цIыхухэр мащIэ хъуащ, ауэ зи бын, зилI, зи Iыхьлы хэкIуэдахэм яуса гъыбзэр иджыри зэхыбох. Унагъуэ куэдым зауэжь блэкIам къатригъэпсыха гуауэм хущIагъэкIа нэпсыр гъущакъым. Адэ-анэ дапщэ игъэгуIа а зауэм, зи псэугъуэ, зи дахэгъуэ бын дапщэ хэкIуэда мафIэ лыгъэм.**

ГУАУЭМ и гуауэжт ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэм щыпсэу Гъуэрдэгъуэжь ТIамышрэ Хьэбынэрэ къатепсыхар. Гугъу ехьу япIа бын 11-м ящыщу хыр зауэм дэкIат. Шыгъушэхэ я нысэ Тамарэ, бынхэм я нэхъыщIэр, зауэм хэкIуэда и дэлъхуитхум щатепсэлъыхькIэ, уи щIыфэр егъэтхытх. ЦIыхуфэр сыту Iув, сытуи бэшэч. Езыми зыхуэмыубыду и нэпсыр къыфIокIуэ, тэмакъыр гуауэм екудэри, игъэбауэркъым. Илъэс 70 зи кIыхьагъ нэпс къуэпсхэм гъуэгу къагъуэтыжри, гумрэ псэмрэ ягъэузу йобжьэ.

Тамарэ и нэгум IупщIу къыщIоувэж зым зыр яужь иту и дэлъхухэр зауэм зэрыдашар. Залым, Данил, Шидэ сымэ, мэкъуауэ къикIыжу, унэм дыхьэжыну хунэмысу дашащ, къагъанэ бынхэмрэ щхьэгъусэхэмрэ макъыншэу нэпс щIагъэкIыу кIэлъыплъу. Зи пащIэ-жьакIэ зэщIэмыува Хьэбаси, Хьэсэни, Мухьэмэди «Умыгузавэ, ди адэ», - жаIэри пщIантIэм дэкIат. Абыхэм ятеухуауэ хъыбархэр щиIуэтэжкIэ, Тамарэ зэм уардафэ къытеуэу, зэми гуIэгъуэм зыдигъэшу къыпщохъу. «Сыту къаруушхуэ хэлъ мы бзылъхугъэ хэкIуэтам, дэнэ къикIрэ абы и уардагъэр», - жыпIэу уогупсыс. ГурыIуэгъуэщ абы уардагъэ къыхэзылъхьар: нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм адэжь хэкур хэутэн ирамыгъэщIу и дэлъхухэм я псэхэр зэрыщIатарщ. Псэр пхъумэжурэ уикIуэтмэ, текIуэныгъэр дэнэ къикIын! ИтIанэми, хуэшэчыркъым и дэлъхуитхум я псэугъуэу, я дахэгъуэу зэрыкIуэдам къыхэкIыу мыгуIэн.

Залым бынитху къыщIэнат. Фызабэ хъуа Нунэ и закъуэ къигъэхъуащ и бынхэр. Нунэ дунейм ехыжыхукIэ гугъащ и щхьэгъусэм къигъэзэжыну. Абы и гъуэгум ирикIуащ Данилрэ Шидэрэ я щхьэгъусэхэу фызабэ хъуахэри. Хьэбасрэ Мухьэмэдрэ Ленинград и Iэшэлъашэхэм щекIуэкIа зауэ гуащIэм зэрыхэкIуэдам и хъыбар и гъуса къелахэм къахьыжащ. Зауэ гъуэгуанэ кIыхьыр икIуу къэзыгъэзэжар Хьэсэн закъуэщ.

Бынитху зыфIэкIуэда адэ-анэм я гум щыщIэр гурыIуэгъуэт, ауэ абыхэм заIыгъ, къахуэна бынхэмрэ фызабэ хъуа я нысэхэмрэ я лъэр щIэмыщIэн папщIэ, я гур псэуныгъэм къыхуагъэушыжу. Хьэбынэ зыми закъримыгъэлъагъуу псыхъуэм дыхьэрти, кIуэда и бынхэм гъыбзэ яхуигъэшырт. Iупэ кIэзызхэм жаIэ псалъэхэр Бахъсэныпс и толъкъуным и Iэуэлъауэ макъым хэкIуадэрти ирихьэхырт. «Къурмэн сыфхухъу, фыкъызэдэIуащ», - жыхуиIэ щIыкIэу, и щIалэхэр щыцIыкIуум зыхэджэгухьу щыта БахъсэныпсымкIэ и нитIыр щIитхьэщIыкIыжырт.

ТIамыши Хьэбыни куэд къагъэщIэжакъым - абыхэм яхуэшэчакъым абрэмывэу я гум къытегъуэлъхьа бын нэщIэбжьэр.

Ноби псэущ зауэм хэкIуэда щIалитхум я шыпхъу Тамарэ. Жьыгъэмрэ гуауэмрэ гумахэ ищIами, абы уардафэ тетщ. Псэлъэгъу пхуэхъумэ, зауэм хэкIуэдахэм и дэлъхуитхум я хъыбар къыпхуеIуатэ, ахэр вагъуэ плъыжь къуапитхум япилъыту.

**ШЫГЪУШЭ Хьэбас**.
*Зеикъуэ къуажэ*

# Си адэшхуэм теухуауэ зыгуэр фщIэмэ...

**Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэ Иныр зи фIыщIэхэм ящыщщ Шымэзокъуэ ТIалэ Екъуб и къуэр. Ар Къуэнхьэблэ (иджы Къулъкъужын Ищхъэрэ) къуажэм 1922 гъэм мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ. ТIалэ балигъыпIэ щиувэм ирихьэлIэу зауэр къэхъейри, ар абы кIуэн хуей хъуащ. ТIалэ и псэм бэлыхь куэд щигъэващ абы.**

ШЫНЭРЭ щхьэхрэ зымыщIэ щIалэ жаным гу къылъатэри, связист къалэныр дзыхь къыхуащIащ. Абы мызэ-мытIэу псэзэпылъхьэпIэм кърищащ ди зауэлIхэр. И лIыхъужьыгъэм «Прагэ хуит къызэращIыжам папщIэ» медалыр къыхуагъэфэщащ, зауэм лейтенант щыхъуащ. Ар яхэтащ Украинэ фронтым щызэуахэми, лъэсу Берлин дыхьа зауэлI хахуэхэми.

Зауэр иуха нэужьи Шымэзокъуэ ТIалэ и къулыкъум пищащ. ИлъэситI дэкIри, 1947 гъэм, унэм къигъэзэжащ. Къуажэм колхоз лэжьыгъэм щыпэрыувэри, пщIэрэ щытхъурэ иIэу илъэси 8-кIэ лэжьащ. Зэгуэрым Мэзэхэ губгъуэм иту, ТIалэ кIэтIий нэф узым зыкъригъэщIащ. Ар выгукIэ кърашэжьэжа щхьэкIэ, Мэзэхэ губгъуэм къикIыу Бахъсэн сымаджэщым псэууэ нэсакъым. ТIалэ къыщIэнащ щхьэгъусэ щIалэ дыдэмрэ зым нэхърэ адрейр нэхъ цIыкIужу сабииплIрэ.

ТIалэ гъащIэ мащIэт къыхуиухар. Зауэм и мафIэ лыгъейр къызэпызыча, Хэкум и хуитыныгъэм щхьэмыгъазэу щIэзэуа лIыхъужьым и цIэр зэи зыщIыпIи къыщыхэщыркъым - орденрэ медалу иIахэм щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, хъума хъуакъым.

Сыхуейт захуэзгъэзэну Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы хэкIуэдахэм ятеухуауэ лэжьыгъэр езыгъэкIуэкIхэм си адэшхуэр зауэм зэрыхэтам щыхьэт техъуэу архивым тхыгъэ кIапэ гуэр щыхъумамэ, наIуэ къытхуащIыну. Сыхуейт дэтхэнэ зауэлIми пщIэрэ щIыхьрэ иIэну!

**ШЫМЭЗОКЪУЭ ФатIимэ**.

# Псэууэ къыщIэкIат

**1963 гъэм «Красная Звезда» газетым и дзэ корреспондент Евдокимов Илларион ди республикэм къэкIуат Хэку зауэшхуэм и зэманым щыгъуэ Киев щекIуэкIа зэхэуэм лIыхъужьу хэкIуэдауэ ябж ХъуэкIуэн Ацац и Iыхьлыхэр къилъыхъуэу. Корреспондентым игъэщIэгъуащ лIыхъужьыр псэууэ къызэрыщIэкIар. 1941 гъэм зауэм хэкIуэдауэ къалъытэ ХъуэкIуэным и цIэр, нэгъуэщI топгъауэ 28-м я гъусэу, Ирпень псым деж щыIэ постаментым къыхэIущIыкIащ. Псы Iуфэм деж зи псэр щызыта топгъауэ лIыхъужьхэм я благъэ-Iыхьлыхэр къилъыхъуэжын мурад иIэу, къэралыр къызэхикIухьу арат дзэ корреспондентым.**

1941 ГЪЭМ Ацац зыхэта 175-нэ фочауэ дивизэм и 632-нэ полкым Киев и щхьэдэхыпIэхэм нэмыцэхэр щызэтриIыгъащ. Бийр Украинэм и щыхьэрым егъэрыкIуэну хэтт, хэщIыныгъэшхуэхэр яIэ пэтми. Расчётхэм я командир ХъуэкIуэн Ацац жиIэжырт фашистхэр я пIэм ирамыгъэкIыу зэтраукIэ пэтми, ямыгъазэу псы Iуфэм къыIухьэну иужь зэритар. Абы щыгъуэ командирыр щыгъуазэтэкъым нэмыцэхэм «психологическэ атакэ» зыфIаща Iэмалыр къызэрагъэсэбэпым - я сэлэтхэр фадэ ирагъафэрти, къаутIыпщырт. Махуэм и кIэм топ уэ макъыр кIащхъэ хъуащ: зауэ губгъуэм псэууэ къинаIатэкъым. Лагъым къэуам и къутахуэхэр къызытехуа ХъуэкIуэным и нэкIур уIэгъэ хъури къэмэхащ. ЗыкъыщищIэжам, урысыбзэ ныкъуэкIэ псалъэ нэмыцэхэм я макъ зэхихащ: «Рус, рус - сдавайс». Аргуэрыи зауэлIыр къэмэхащ. Медсанбатым къыщыхута Ацац, махуэ 11-кIэ абы щIэлъа нэужь, Урал яшащ. Зыбжанэрэ операцэ хьэлъэ ящIа нэужь, дохутырхэм я IэкIуэлъакIуагъэм и фIыгъэкIэ, ХъуэкIуэным и узыншагъэр зэтеувэжу щIидзащ. Зэгуэрым, Ацац зыкъищIэжрэ къыдэплъеймэ, зы бзылъхугъэ къыщхьэщыст. «Мы бзылъхугъэм фIыщIэшхуэ хуэщI, абы уи гъащIэр щхьэузыхь хуэпщI хъунущ», - къыжриIащ дохутыр къыщIыхьам щIалэм. Зи къуэ закъуэр зауэм хэкIуэда бзылъхугъэр сымаджэ хьэлъэ хъуа сэлэт ныбжьыщIэм кIэлъыплъырт, и къуэм и фэ ириплъырти.

И лIыхъужьыгъэм папщIэ ХъуэкIуэн Ацац къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденыр. И узыншагъэр зэтеувэжа нэужь, зауэлIыр Ленинград фронтым кIуащ. ГъущI гъуэгу станц гуэрым деж къыщыувыIауэ тет Ленинград къыдашыфахэр зэрыс мафIэгум IущIащ. Вагон щхьэгъубжэхэм лъаIуэу я Iэхэр къыдашиикIырт гъаблэм ихь тхьэмыщкIэхэм. Абыхэм ящыщ куэдым яIыгът дыщэ сыхьэтхэр, лэрыпсхэр. Ахэр щIакхъуэкIэ къахъуэжыну лъаIуэрт. Армырами, сэлэтхэм къемэщIэкI ерыскъы тIэкIухэр абыхэм ирату къыхуадэртэкъым командирхэм. Ауэ сэлэтхэр абыхэм къахуэгъэувыIэнутэкъым - мэжэщIалIэхэм хуашийрт къахуэна щIакхъуэ Iыхьэр. Абы къыпэкIуэуи зыри къыIахыртэкъым, хэтыт зауэ зэман псэзэпылъхьэпIэм дыщэ зи Iуэхур? ЦIыхугъэрэ гущIэгъурэ - арат псори зытещIыхьар.

Зауэ гъуэгуанэ шынагъуэр игу къыщигъэкIыжкIэ, Ацац жиIэрт:

- Ярэби, цIыхухэм я нэгум гузэвэгъуэ щхьэ щIэкIын хуей, зэрылъытэн щхьэкIэ?

1978 гъэм илъэс 66-м иту ХъуэкIуэн Ацац дунейм ехыжащ. Зауэм щигъуэта уIэгъэ хьэлъэхэм я фэбжьым ихьыжащ ар.

А зэманым зэрахьа лIыхъужьыгъэм и хъыбар иджыри куэдрэ зэхэтхынущ. Сыт Ацац хуэдэхэм Украинэм лъы щIыщагъэжар? Абыхэм я пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым мы щIыналъэм бандеровцхэм аргуэру зыкъыщаIэтыну. Ар уигу къемыуэу къанэркъым

**КЪАРМЭ Iэуес**.

**• Фэеплъ**

# Адыгэ зекIуэлI Жэмыхъуэ Артур

**Республикэм къыщыдэкI газетхэм къытехуа си тхыгъэхэм мызэмытIэу зи гугъу щысщIу щыта Жэмыхъуэ Артур гущIыхьэу дунейм ехыжащ. Абы и къэхутэныгъэхэрт «Сыт Гитлер и дзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуршхэм къыщилъыхъуар?» тхылъыр зытезухуар. Аращ метр 78-кIэ щIы щIагъым ехыу Зеикъуэ и Iэгъуэблагъэм бгъуэнщIагъ гъэщIэгъуэн къыщызыгъуэтар, Интернетым и сайт куэдми РЕН ТВ-ми илъэс бжыгъэкIэ къагъэлъэгъуэжар. Иджы а нэтынхэм елэжьахэри къэкIуащ Артур иужьрей гъуэгуанэм трагъэувэну.**

МЫ хъыбарыр и щIэдзапIэм щегъэжьауэ къызэрымыкIуэщ. Артур си деж нэпсалъэри жиIащ, Хьэрэкхъуэрэ бгым и лъабжьэм щIыщIагъ къалэ щыщIэхъумауэ, ар Iуащхьэмахуэ нэс кIуэцIрыкIыу. «Къэбгъуэтмэ, хъыбарыншэ сумыщI», - жысIащ, сыщыдыхьэшхыу къыфIэмыщIын хуэдэу.

Иджы а псори блэкIа зэманым итщ: си ныбжьэгъур щыIэжкъым. Ар къыщыхъуар «Кавказ» гъуэгушхуэрщ, Ислъэмей къуажэм метр 800-кIэ пэIэщIэу. Артур Краснодар (Бжьэдыгъукъалэ) кIуэ машинэр къыжьэхэуащ. ЗэратхыжамкIэ, абы «гъуэгур щызэпимыупщIыпхъэ щIыпIэм деж щызэпиупщIырт».

Уигу дыхьэ цIыхур дунейм зэрехыжа щIыкIэр щызэбгъэзахуэм и деж, мыр щхьэ ищIэн хуей хъуа жыпIэу гупсысэр куэдым хуокIуэ. Апхуэдэщ Артур теухуауэ сигу къихьэ псори. Зеикъуэ дэмыхьэжу гъуэгу щхьэ теува? Дауэ гу лъимытарэт гъунэгъу къыхуэхъуа «Газель»-м? СщIэркъым а къомым я щхьэусыгъуэр, хабзэхъумэхэм зэхагъэкIыну къыщIэкIынщ.

...ЦIыху щитIым нэблагъэ къэкIуат Артур иужьрей гъуэгуанэм трагъэувэну. Благъэхэр, ныбжьэгъухэр. Ауэ а къекIуэлIахэм я нэхъыбэм я нэгуи къыщIыхьэртэкъым а зи дыуэщI хэтыр хэтми. Артур цIыху къызэрымыкIуэт, езым илъагъу дуней телъыджэмкIэ хэти дэгуэшэну хьэзыру. Жану, сыт хуэдэ Iуэху щхьэпэми хуэмыщхьэхыу. ТIэкIу жыIэзыфIэщрэ таурыхъхэр и фIэщ хъущэу фэ иуплъми, ар мы дунейм и закъуэ зэрыхуэмыпсэум и щыхьэту фIэкIа къыпщыхъуртэкъым. Хэт ищIэрэ, езы дунейри жылэм емыщхь апхуэдэ цIыхухэм якъуэпсэукIынри хэлъщ. Пасэрейхэр сыт щыгъуи щIэупщIэрт: сыт дыгъэмрэ вагъуэхэмрэ зезыгъакIуэр? Лъагъуныгъэм. ЦIыхухэм, гъащIэм, дунейм, пэжым хуэгъэза фIылъагъу къабзэм. Хэти ещIэ лъагъуныгъэр зэбэкIыу къалъхухэр цIыхухэм зэремыщхьри, куэдрэ зэрымыпсэури.

Абы и гуфIэкIэр «къыппщIэхидзэрт». УкIытэу, гу къабзэм къыщежьэу зэтежт и Iупэхэр. Удын зытехуа и нэкIуми хъума щыхъуащ а къабзагъэр. ФIым щыгугъыу гъуэгу техьат, ара къыщIэкIынщ абы и щхьэусыгъуэр.

Артур щыщIалъхьа махуэм цIыхухэм захезмыгъэхыфари мы тхыгъэм сезыхулIари сыт жыпIэмэ, абы и пащхьэ къуаншэу зэрызыщызбжыжырщ. Апхуэдэу гъащIэ мащIэу къыщIэкIыну сщIамэ, къызэджэху нэхъ зэхэсхынт, и гупыжхэр нэхъ дэсIыгъынт. Си макъым къиIукI гуауэри щIэдаущыншэр ара къыщIэкIынщ.





**КОТЛЯРОВ Виктор.**




● ЦIыкIухэм факъыхуеджэ

# ТхьэкIумэкIыхь шынэкъэрабгъэ

Псей жыгым и лъэдийм кIэрыгъэщIауэ жей Мыщэр гъы макъым къигъэушащ. Ар едэIуапэри, ТхьэкIумэкIыхь цIыкIур зэщыджэрт.

- Сыту сынасыпыншэ сэ! Сыту сытхьэмыщкIэ сэ! Сэр фIэкIа яшхын щхьэ ямыгъуэтрэ къашыргъэми, дыгъужьми, бажэми. Сэри абыхэм сащошынэри, къызэрыслъагъуу зызогъэпщкIу. Апхуэдизу щхьэ сышынэкъэрабгъэ? - зиухыжыпэрт псэущхьэ цIыкIум.

Мыщэжьым ар фIэгуэныхь хъуауэ едэхэщIэну зыщиIэтым, Iэуэлъауэм игъэщта ТхьэкIумэкIыхьыр щIэцIывэжащ.

Мыщэжьыр тэлайкIэ абы кIэлъылъа иужь, и щхьэр игъэсысщ, и жьэпкъым етIэхъури, пыгуфIыкIыу ежьэжащ.

Пщэдджыжьым жьыуэ къэуша Къанжэм хуейм и курыкупсэм ит ашыкышхуэм занщIэу гу лъитащ. Псом япэ псори зэзыгъэщIэну зыфIэфI Къанжэм ар гъунэгъуу щызэпиплъыхьым къилъэгъуащ «Нэхъ шынэкъэрабгъэ дыдэ псэущхьэм ейщ» жиIэу зэрытетхар.

- Уэ-хьэ-хьэхь! Сызэрытеун къэзгъуэтащ. Бажэм дежкIэ секIуэкIынщи згъэбэмпIэнщ, - жиIэри ежьащ.

Бажэр щхьэукъуауэ Iуащхьэм тести, Къанжэм къигъэщтащ:

- Бажэ цIыкIу, хэт нэхъ лъэщ дыдэу мы мэзым щIэсыр? - жери.

- Емынэм уимыхькIэ уэ бзу кIэкIэрейр, сыкъэбгъэщтащ! Ар сыт упщIэкIэ делэ! Сэращ нэхъ лъэщ дыдэр! Ар япэрауэ. ЕтIуанэрауэ, Iэмалищэрэ зырэ зыщIэ Бажэжьым къилъхуахэм сащыщщи, сэр нэхърэ нэхъ Iэмалшыи мы мэзым щIэскъым.

- НтIэ, нэхъ шынэкъэрабгъэ дыдэр хэт? - увыIэртэкъым Къанжэр.

- Си жейр степхуащ, Къанжэ. Уи цыр сымыщ щIыкIэ зыIуегъэх! - губжьащ Бажэр.

- Хъунщ, хъунщ, умыгубжь. Шэджагъуэ нэужьым хуейм деж накIуэ, зэхуэс щыIэнущи, - жиIэри Къанжэм Дыгъужьым дежкIэ игъэзащ.

Дыгъужьыр мэжалIэрти, гукъыдэжыншэу Къанжэм къыIущIащ:

- Сигу ирихьын хъыбар къысхуумыхьамэ, къызжиIакъым жумыIэж, зыц къыптезнэнкъым. ИIэ, къипхъ...

- Зы упщIэ закъуэ сиIэу арат, Дыгъужьыжь, зыхуигъэцIыкIуащ абы Къанжэм. - Хэту пIэрэ нэхъ шынэкъэрабгъэ дыдэу мы мэзым щIэс псэущхьэр?

- Арат иджы къысхуумыгъэфащэу къэнэжар! Сэра шынэкъэрабгъэкIэ узэщыр! ЗыIуегъэх, узыIурызмыдзэ щIыкIэ.

- Хъунщ, хъунщ, умыгубжь. Шэджагъуэ нэужьым хуейм деж накIуэ, зэхуэс щыIэнущи, - жиIэри Къанжэр лъэтэжащ адрей псэущхьэхэм хъыбар яригъэщIэну.

Шэджагъуэ нэужьым мэзым псэущхьэу щIэсыр хуейм деж щызэхуэсауэ ашыкым щхьэкIэ зодауэ, зэрофыщI. Шынэкъэрабгъэу зыми зимыумысыжми, дэтхэнэми ашыкыр езым ейуэ тхьэ иIуэрт.

Дыгъужьым лъэщыгъэкIэ ашыкыщхьэр яфIытричри и гурыIупсыр къажэу ашыкым щиплъэм:

- Хэт нэхъ шынэкъэрабгъэр? - жиIэу гъуахъуэу Мыщэр къипщащ.

Псэущхьэхэр щтэри псори щхьэж и занщIэу мэзым щIэлъэдэжащ, ТхьэкIумэкIыхь закъуэм фIэкI къэмынэу.

- Уэ ущIэпхъуэжакъыми-тIэ? - зыхуигъэзащ абы Мыщэм.

- Сэ, зиусхьэн Мыщэ, псом нэхърэ сынэхъ шынэкъэрабгъэщ, - жиIащ абы и макъыр кIэзызу.

- Уэра нэхъ шынэкъэрабгъэр? Зыплъыхьыт-тIэ! Дэнэ щыIэ Дыгъужьри Бажэри? Ахэр псори къысщышынэри щIэпхъуэжащ. Уэ зы закъуэращ си пащхьэм къинар.

А тIур зэбгъэдэту къэзылъэгъуа псэущхьэхэм Мыщэр зи ныбжьэгъу ТхьэкIумэкIыхьым и Iей абы иужькIэ зэрахуэжакъым.

*Таурыхъыр зэзыдзэкIар*
**МОЛЕЙ ФатIимэщ.**



Сурэтым щыволъагъу Истамбыл щыпсэу адыгэхэу Щоджэн Берсисрэ Бжьащкъуэ Чынаррэ *(сабийр).*

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

● Зэвгъэцlыху

# Джеймс и зекIуэ

Британием щыщ, зи ныбжьыр илъэс 24-рэ фIэкIа мыхъу щIалэр дунейм къэралу тетым щыIащ.

Асквит Джеймс илъэситхум къриубыдэу къэрали 196-рэ зыщIигъэхьащ. Абы и зекIуэм 2008 гъэм щIидзащ илъэс 18-м ит студенту. ЩIалэм мураду зыхуигъэувыжат и ныбжьыр илъэс 25-рэ мыхъу щIыкIэ къэралу хъуар зригъэлъагъуну. ИкIи къехъулIащ ар - Джеймс и унэ къыщекIуэлIэжам илъэс 24-рэ хъуа къудейуэ арат.

Студентыр япэу мазищкIэ Вьетнамым щыIащ. Америкэмрэ Канадэмрэ мазитху яхухихащ. А зэманым къриубыдэу штат 27-м зыщиплъыхьащ, Аляскэ деж щегъэжьауэ Гавайхэм щиухыжу. Джеймс и зекIуэм текIуэдащ фунт стерлинг мини 125-рэ (сом 6 824 000-рэ). Ахъшэр къыздрихыр дэнэт жыфIэнщ, здэкIуэ къэралхэм бармену щылажьэрт.

ЩIыпIэ дахэхэр зригъэлъагъум къыщымынэу, Джеймс фIэфIт щIэщыгъуэ гуэрхэри игъэунэхуну. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, ар Ливием щыщыIар Кадаффи Муамар зэраукIрэ тхьэмахуищ дэкIа къудейуэщ, Афганистаным и лъэр нэсащ Мазари-Шариф щIэпхъаджагъэ шынагъуэр къыщыхъуауэ. Нэхъыбэ дыдэрэ Джеймс къыщызэтеувыIар Африкэращ. А къэралым щIалэм мазих тригъэкIуэдащ.

Иджыпсту Асквит Джеймс и унэ къигъэзэжауэ Хартфордшир пащтыхьыгъуэм хиубыдэ Стивенедж къалэ цIыкIум дэсщ. Иджы абы и мурадщ Таити, Пасхэ, хытIыгухэм, уеблэмэ Антарктидэми кIуэну.

**ШЫПШ Даянэ.**

♦Дыгъэ нэпс нэхърэ анэ бгъафэ.
♦Еблагъэ зи бэм и бын мэжалIэркъым.
♦Уи щIалэ зэрыбгъасэщ, уилI зэресащ.
♦Уипхъу зэрысрэ уи нысэ и дыщрэ.
♦Егъур гъуэтыгъуафIэщ, благъэр гъуэтыгъуейщ.
♦Имысрэ сымаджэрэ Iыхьэншэщ.
♦КъакIуэ псори благъэщ.
♦Уэ пхуэдэ сещэмэ, щэ иризгъэкъунщ.

● Псалъэжьхэр

## КъакIуэ псори благъэщ

♦Уэзлъэlу къэгъани, къолъэIу къашэ.
♦Уэзрымылъагъуу IэфI щыIэкъым.

● Хъуэхъу

***Мэлыхъуэ Беслъэн Азэмэт и къуэр мэкъуауэгъуэм и 21-м илъэси 4 ирокъу.***

Беслъэн, уи дунейр мамыру, уи гъащIэр щIэращIэу, уи гур къигуфIыкIрэ уи мурадхэр къохъулIэу илъэс дахэ куэд къэбгъэщIэну Тхьэм жиIэI. Ди щхьэр лъагэу дэзыгъэIэтын, ди лъэр жану щIэзыгъэкIын щIалэ ахъырзэман къыпхэкIыну ди хъуэпсапIэщи, Тхьэм ухущIигъэхьэ.

***Дадэ Мусэ, нанэ Иринэ, анэ шыпхъухэу Олесярэ ФатIимэрэ.***



● Шхыныгъуэхэр

## Къаз тхьэмщIыгъу гъэжьа

Къаз тхьэмщIыгъу лъэсар шыуаным иралъхьэ, ар щIигъанэ къудейуэ лэпс е псы хуабэ щIакIэ, и щхьэр трапIэ, зэ къытрагъэкъуалъэри тхъурымбэр къытрах, шыгъу, къэрмэфибл халъхьэри хьэзыр хъуху ягъавэ. ТхьэмщIыгъу вар лэпсым къыхахри ягъэжэпхъыж. Абы и ужькIэ къазыщэ упщIэтахэр тебэм иралъхьэ, зэIащIэурэ тIэкIу ягъэткIу, абы IупщIэурэ упщIэтауэ бжьыныщхьэ халъхьэ. ЗэIащIэурэ абы халъхьэ тхьэмщIыгъу вар, псывэ тIэкIу щIакIэ, тебащхьэр трапIэжри псыр щIэвэщIэху щэ дагъэри абы доткIу. Бжьыныху упщIэтарэ шыбжий сыррэ халъхьэжри тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. АдэкIэ псывэ тIэкIу щIакIэри тебащхьэр тепIауэ дакъикъэ зытIукIэ ягъэбэкхъ, мафIэр щабэу блэуэ. Псыр щIэмывэщIапэу хьэкум къытрахыж, тепщэчым иралъхьэри Iэнэм пщтыру трагъэувэ, шыпс хуэдэу къыщIэнари тракIэж. ПIастэ хуабэ е цIывынэ дашх. Гуэгуш, бабыщ тхьэмщIыгъухэри мыбы ещхьущ зэрагъажьэр.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):***
къаз тхьэмщIыгъуу - грамми 150-рэ
къэрмэфиблу - 3
къаз дагъэу - грамм 30
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 80
бжьыныху укъэбзауэ - грамм 50
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. ПIалъэкIэ ихъумэну, кIэлъыплъыну гъунэгъум, Iыхьлым е благъэм къыхуагъанэм апхуэдэу йоджэ. **7**. Псым и куупIэ. **8**. УимыIуэху зепхуэмэ, ар уи щхьэм къытехуэнкIэ мэхъу. **9**. Псэлъэным хуэIэзэ цIыху. **10**. ТхъуцIынэ щIэпхумэ къанэ псыр. **11**. Нартхэм я гуащэ. **12**. Къум нэщIыжьым мафIэншэу, щIыIэм ису къина нартыжьхэм ящыщ зы. **15**.... -щIыхуэ жиIэми, ди гъунэгъум машинэ псынщIэ къищэхуащ. **17**. Ныкъусаныгъэ, дерт, ... **19**. Къэбэрдей-Балъкъэр Музтеатрым и уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист ... Алий. **20**. Мэлыхъуэ пщыIэ. **21**. Сидней щекIуэкIа Олимп зэхьэзэхуэхэм чемпион щыхъуа адыгэ щIалэ пелуан Къардэн ... **24**. ХьэщIэ лъапIэм хуаукI Iэщ. **25**. Уэрамым щыджэгу и къуэрылъхум анэшхуэм жреIэ: «Сакъ, си щIалэ цIыкIу, гъуэгум ... къутахуэ телъынкIэ хъунущ». **29**. Пшэ ... **32**. ГъущI куэбжэ зиIэ гъущI ... щощIэ. **33**. Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **34**. Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу лъэпкъ. **36**. Ди гъунэгъу щIалэр илъэс 25-рэ фIэкIа мыхъуами, и щхьэцым ... хидзащ. **37**. Къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 75-рэ ирикъу адыгэ композитор цIэрыIуэ. **38**. Гъатхэм пасэу къэлъэтэж къуалэ-бзу. **40**. Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щIыналъэхэм щежэх псы. **41**. IэмыкIуэлъэмыкIуэ. **43**. Гъатхэр къызэрихьэу жыгхэм ... иратащ. **44**. МахуэцIэ. **45**. Унащхьэ, къуэдзапIэ.

***Къехыу:*** **1**. Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ домбеижь. **2**. Щхьэлмывэр зыфIэлъ гъущI яе. **3**. Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **4**. Илъэсит1, щым ит шыщIэхъу мыгъасэ. **6**. Напэ зимыIэм ... иIэщ. **13**. Сантиметрищэ. **14**. «Эмирым и ... » - КIыщокъуэ Алим и роман. **15**. ЛIыр и цIыхугъэм йолъэIу: «Мы зэм си ... къэлъагъуж, афIэкIа уи нэгу зыщIэзгъэхуэнкъым». **16**. Адыгэш къабзэ. **17**. Ахъшэ жьгъей. **18**. ... мэракIуэ. **22**. Дзыдзэ лъэпкъым щыщ псэущхьэ мыин. **23**. Джэдкъаз. **26**. Адыгэ шхыныгъуэ, псом хуэмыдэу лы гъэжьам хуабжьу декIуу. **27**. Лъэмыжым ... щIалъхьэри къагъэуащ. **28**. Хэку зауэшхуэм и зэманым партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару щыта ... Зубер. **29**. Къуажэдэсым и гъавэхэкI ерыскъыпхъэхэр щихъумэ. **30**. ЗэфIэнаитIым я зым адрейм жреIэ: «Уи ... къысщыхуэ!». **31**. Шым и теплъэ, и фэ. **35**. Щыгъын. **38**. Гъэм и зэман. **39**. Ину къэлыда мафIэм къыпех. **40**. 20-нэ лIэщIыгъуэм и футболист нэхъ лъэщ дыдэу къалъытар аращ. Нэгъуэщ1хэм я гъуэм топ 1300-м щIигъу дигъэкIащ. Къэрал командэ къыхэхам хэту а зырщ дуней псом и чемпион щэнейрэ хъуауэ щыIэр. И ныбжьыр мы гъэм илъэс 75-рэ ирокъу. **42**. Iэпслъэпс.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**



***Мэкъуауэгъуэм и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Техуа. **5**. Мащэ. **7**. Дзэхупс. **8**. Ибэ. **9**. ЩIэп. **10**. Къыр. **11**. Емуз. **13**. Киев. **17**. Хъудыр. **18**. Санэ. **21**. Бдзы. **22**. Кабул. **23**. Къурш. **26**. Гори. **27**. ХьэукI. **30**. Арэф. **31**. Iэжьэ. **32**. ЦIыв. **34**. Дей. **35**. Уэх. **36**. Унагъуэ. **37**. Арыкъ. **38**. Уэркъ.

***Къехыу:*** **2**. Енисей. **3**. Жэпкъ. **4**. Епэр. **6**. Щыпавэ. **12**. Уадэ. **14**. Иннэ. **15**. Армавир. **16**. Псэущхьэ. **19**. Гудзэ. **20**. Къру. **24**. Сонэ. **25**. Сурэ. **28**. Къандур. **29**. Къуэшхэр. **32**. ЦIынэ. **33**. Вагъуэ.

● Интернетым дыкъыщоджэ

## Зэадэзэкъуэмрэ шыдымрэ

Зэгуэрым зэадэзэкъуэм я шыдыр я гъусэу уэрамым дыхьат. Адэр шыдым тест, къуэм вожэр иIыгът.

- Сабий тхьэмыщкIэ! - жиIащ гъуэгурыкIуэ гуэрым, - и лъакъуэ псыгъуэ цIыкIухэр шыдым лъэщIыхьэ къудейщ. Шыдым IитIэлъитIэу дауэ утесыф, сабийм бэлыхьыр тебгъэлъу?

Адэм и гум щIыхьащ гъуэгурыкIуэм и псалъэхэр. Езыр шыдым къепсыхри, щIалэ цIыкIур тригъэтIысхьащ. Куэд ямыкIуу, аргуэру къахуэзащ лIы гуэр. Аргуэрыр губжь щIэлъу къогуо:

- ЕмыкIущ мы слъагъур! Сабийр пащтыхьым ещхьу шыдым тесщ. Нэхъыжьыр лъэсу кIэлъокIуэ.

- Мыр сыт гущIэгъуншагъэ,- мэхъущIэ ахэр къэзылъэгъуа фыз гуэрыр. - Зи бзэ мыпсалъэ псэущхьэм и фэр апхуэдизу щхьэ ифхрэ?

Зы псалъи жамыIэу зэадэзэкъуэр шыдым къепсыхри, абы бгъурыту ежьэжащ. Я гъуэгум хагъэщIаIатэкъым, зэкIуэцIылъэлъу къащыдыхьэшхыу къахуэкIуэ лIыр щалъэгъуам:

- Е зиунагъуэрэ, мы шыдыр фыщIиIэм и мыхьэнэр сыт, сэбэп мыхъунумэ? ТIум яз фытетIысхьэ хъунукъэ, фымыгъэхьэулейуэ?

Шыдыр зей лIым и Iэр щIалэ цIыкIум и дамащхьэм хьэлъэу трилъхьэри жиIащ:

- Дауэ тщIыми, дагъуэ къытхуэзыгъуэтын дрихьэлIэнущ. Дэ езым ди Iуэху къызэрикIынум хуэдэу тщIымэ нэхъыфIщ, псоми задедгъэкIуну иужь дихьэ нэхъ рэ?

## ФIыщIэ

Сабий гуэр зеиншэ хъури, и Iыхьлы жыжьэ гуэрым зришэлIэжат. Сабийр къэзыщтэжа лIыр къыхуэгущIэгъуншэт. ИкIэм-икIэжым, хуэмышэчыжу щIалэ цIыкIур къыщIэпхъуэжащ. Куэдрэ къызэхикIухьащ абы дунейр. Махуэ гуэрым ар тежеящ дзэ хуэIухуэщIэхэм щыхуагъэсэ школым и бжэщхьэIум. Школым и гъэсакIуэр апхуэдизкIэ лъэщти, и хъыбарри жыжьэ нэсат. Абы зришэлIащ щIалэ цIыкIур, дзэ хуэIухуэщIэхэми хуигъэсащ. ГъэсакIуэр щылIэм, и школыр щIалэм къыхуигъэнащ. Зэгуэрым щIалэр и гъэсэнхэм я гъусэу и сабиигъуэр щыкIуа щыпIэхэм къыщыхутащ. Куэбжэпэ гуэрым деж щыст щIалэм и благъэ ткIийр.

- Мо лIыжьращ сыкъызыфIыщIэпхъуэжауэ щытар,- яжриIащ абы и гъусэхэм.

Модрейхэм я къамэхэр кърапхъуэтат я гъэсакIуэм илъ ящIэжыну. Ауэ щIалэм къигъэувыIащ ахэр:

- Сэ абы фIыщIэшхуэ хузощI. Иджыпсту сиIэ псори абы и фIыгъэкIэ зыIэрызгъэхьащ. Сэ сызэрыхъунур хэтыт зыщIэр, ар мыхъуамэ?

*ЗэзыдзэкIар*
**НАФIЭДЗ Заремэщ.**

● ГушыIэхэр

## Дохутыр дыхуей хъумэ-щэ?

ЦIыхухъум и щхьэгъусэм игу къыдэжыртэкъыми, сымаджэщым ишащ.

Бжэ щIыхьэпIэм деж щыт бзылъхугъэр къоупщI:

- Паспорт, тхылъымпIэ фызыхуеинухэр фIыгъ:
- НтIэ.
- ТепIэнщIэлъын къыздэфщта?
- НтIэ.
- Сымаджэр зытелъын щхьэнтэ къэфхьа?
- НтIэ.
- Хущхъуэр зэрыхагъэлъэдэн системэ къэфщэхуа?
- НтIэ.
- Хъэлат хужь щыгъыу мо фи гъусэр хэт?
- Дохутыр дыхуей хъумэ, жысIэри къыздэсшауэ аращ, - итащ жэуап лIым.

## Сэ сыт си лажьэ?

ЩIалэр и гъунэгъум я дежкIэ екIуэкIати, ирихьэлIащ: лIыр пшынэ еуэу щысщ, цIыхубзым пхъэ екъутэ.

- А зиунагъуэрэ, уи фызым пхъэ икъутэу уэ пшынэ уеуэу щхьэ ущыс?
- Ар пшынэ емыуэфмэ сэ сыт си лажьэ? - жиIащ лIым.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмI я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Жыласэ Маритэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(1, 2, 3-нэ)*, **ПхытIыкI Азэмэт** *(4, 5, 6-нэ)*. **Корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Елмэс ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бешто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.367 ● Заказ №1044